


Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR)

- Nimewo idantite ofisyèl pou Bèt 2023



Nimewo idantite (ID) - Betay

Etikèt Sistèm nasyonal pou gen menm etikèt (NUES) pou betay (etikèt metalik pou zòrèy e ki gen 9 chif)


- Kòmanse ak kòd eta: MA se 14
- Disponib gratis pou pwodiktè ak veterinè yo grasa Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (MDAR) (kantite a limite) ak etikèt
- Valab kòm pyès idantite ofisyèl si yo gen ensiy boukliye ameriken an
- Y ap ranplase yo ak etikèt Idantifikasyon grasa radyofrekans (RFID) (840) – Yo panse anonse kalandriye y ap fè sa an 2023 oswa 2024



Etikèt RFID (etikèt 840)


- Li obligatwa pou gen yon Nimewo Idantifikasyon Lokal (PIN) eta a bay pou fè kòmann RFID (pwodiktè yo kontakte Resous Depatman Agrikilti Massachusetts (MDAR) pou fè l jwenn PIN nan gratis)
- Chak ane, MDAR ap mete disponib yon kantite etikèt limite gratis pou veterinè ak pwodiktè ki kalifye yo
- Ka fè kòmann grasa yon founisè etikèt, òganizasyon ki jere kesyon ras bèt oswa òganizasyon ki nan domèn nan
- De Teknoloji: Frekans ki ba (LF) ak Frekans ki Trè wo (UHF). Yo abitye itilize LF nan New England
- Yo ka li l ak yon lektè/bagèt RFID (li dwe koresponn ak teknoloji sa a menm) oswa yo ka li l ak je yo
- Yo ka mete nimewo RFID yo otomatikman nan Sètifika enspeksyon veterinè (CVI), ki elektwonik, ak fòmilè tè s yo
- Obligatwa pou betay ki nan "Big E" apati 2019
- 15 chif ki kòmanse ak kòd Etazini "840"
- Yo prevwa yon kalandriye tranzisyon pou ale nan etikèt RFID 840 kòm sèl ID ofisyèl pou bèf pou ane 2023

Etikèt yo mete sou bèt (etikèt papyè machann yo met sou do bèt SE PA ID ki ofisyèl, men yo itil pou ede konn pase bèt yo.



Betay, Mouton, ak Kabrit – Tanpe zòrèy

- Òganizasyon ki jere kesyon ras bèt met nimewo yo sou zòrèy dwat oswa goch bèt yo tanpe a selon enstriksyon yo
- Ofisyèl sèlman si akonpaye ak papyè anrejistremant ki gen non *pwopriyetè kounye a*; dwe akonpaye ak CVI
- Yo pap konsidere l ankò kòm ofisyèl pou betay yo / ti bèt ki remonte manje nan bouch apre tranzisyon an fini



ID Ofisyèl – Mouton ak Kabrit

- Yo dwe make mouton ak kabrit ki kite kote yo te fèt oswa ki gen plis pase 18 mwa oswa tanpe zòrèy yo (nan La Mancha) toutpandan yo akonpaye yo ak anrejistreman ofisyèl ki gen non *pwopriyetè kounye a* (pa valab pou chanjman pwopriyetè ki gen nan MA)
- Pwogram prevansyon kont maladi Skrapi: Objektif Pwogram Depatman Agrikilti Etazini (USDA) se elimine maladi a; Yo itilize “Etikèt Skrapi” kòm ID
- Nimewo Idantifikasyon Lokal la obligatwa pou ka achte oswa vann etikèt Skrapi
- Etikèt metalik yo pou kounye a gratis nan MDAR (ti pwodiktè, veterinè) oswa USDA (Etikèt presi pou pwodiktè)
- Yo ka deplase plastik (blan) oswa Metal (oranj oswa blan) soti nan yon eta al nan yon lòt avèk yon CVI
- Etikèt ble yo se pou bèt yo pral touye nan espas 72 èdtan
- Tranzisyon pou ale nan etikèt RFID “840” – y ap anonse dat tranzisyon yo anvan 2023



ID Ofisyèl - Kochon

- Yo dwe idantifye l ofisyèlman lè l kite kote li te ye a (sof si yo voye l dirèkteman nan abatwa oswa nan yon mache abatwa nan kèk Eta)
- Etikèt metalik ki gen 9 chif ki gen ensiy boukliye ameriken ak etikèt ki gratis grasa MDAR
- Yo ka kòmande etikèt plastik ki presi ki gen ID lokal nan men fabrikant etikèt yo
- ID lokal (PIN) MDAR bay la obligatwa
- Sa yo mete pou tanpe kochon y ap mennen nan mache oswa nan abatwa, se pa ID ki ofisyèl
- “Ti” kochon yo dwe idantifye ofisyèlman menm jan ak kochon parèy yo ki pi gran
- MA pa dakò ak kesyon koupe nan zòrèy kochon kòm ID pou kochon

Kalite ID pou bèt MDAR



ID Ofisyèl - Cheval

- Yo konsidere tanpe anndan po bouch ak tanpe ak bagay ki frèt anpil ki asosye ak rejis ak pis elektwonik kòm ID ofisyèl pou idantifye cheval
- Asosyasyon amerikèn tro (USTA) ak lòt òganizasyon mete pis elektwonik tèmik pou bay tanperati a tou
- Yo ka itilize deskripsyon konplè e/oswa foto cheval kòm ID pou CVI oswa tè Imino-anzimatik (EIA), tè ("Coggins")



ID Ofisyèl – Kamelide, yon bèt ki tankou chamo

- Ti pis elektwonik yo se ID pou idantifye lamas, alpagas ak chamo ki gen bòs sou do yo
- Pwopriyetè yo dwe bay lektè ti pis elektwonik yo

ID Ofisyèl - Lapen

- Yo konsidere nimewo tanpe rejis la bay e yo mete sou zòrèy lapen yo kòm ID ofisyèl pou lapen
- Yo ka itilize ti pis elektwonik kòm ID pou lapen nan MA (verifye biwo ekspozisyon an pou wè si yo pèmèt sa anvan livrezon an)
- Pwopriyetè yo dwe bay lektè ti pis elektwonik la (oswa asire yo disponib sou lokal ekspozisyon an)

Pou kesyon sou Sistèm pou note tout bagay konsènan maladi bèt (ADT), Nimewo Idantifikasyon Lokal (PIN), oswa pou kòmande etikèt ID ofisyèl:

Carry Shulock Sexton
Pase anrapò ak maladi bèt
Kowòdonatè Divizyon sante bèt
617-857-3922
carry.shulock-sexton@mass.gov



Mizajou 29 Avril 2022